

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL

SERI: (SES / SVT / SMP)

BAKALOREYA SESYON JEN 2018

SEGONDÈ IV

KREYÒL



Pankat

- Konsiy:** 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.  
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

**RITA KWA-BOSAL**

Chak samdi maten, Rita kannale mache Kwa-Bosal pou Jedeyon. Se toujou menm litani an:diri grenn long, mayi moulen Senmak, pwa wouj, vyann ak legim soup. Nan pwen pèdi tan. Gen defwa, Rita gade timoun parèy li, k ap jwe nan lari. Kè li pran ponpe. Men, lè li sonje savonay Jedeyon pare pou li, kè li tonbe sere, kè li vini grenn, kè li vini rak. Lè konsa, li prèt pou kriye.

Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat. Li pa janm konprann anyen: li pa konnen jebede. Lèt yo pòtre mouch, founi, marengwen, papiyon, koulèv, zandolit, wanga-nègès, flèch kann, fèy palmis, plim zwazo. Lan yon dans makwa. Rita pa janm konprann anyen. Men, chak kou li gade mòd vèvè sa yo, li santi yon frison, depi lan pye jouk lan trè cheve, bwoto li lwen lan peyi pèdi. Li bata rive nan syèl. Aprè, li plonje desann nan fon lanmè, kay mètrès dlo:

- Lasirèn bèl fanm, pote mwen sou do w.
- Moun je pete pa antre lan pale mwen.
- Si, lan chèche chèche, lan chèche chèche patou, mwen rive jwenn peny ou, Lasirèn?
- Ou ta sispann gade nan boutèy nwa; ou ta konnen sou ki pye w danse.
- Mwen anvi wè klè. Tanpri. Mennen mwen avèk ou, Lasirèn. Trennen mwen dèyè ou, Lasirèn.
- Aprann trase vèvè sou papyè. Lè sa a, ma mete ou sou do mwen. Ma Mennen w nan pale mwen.

Rita santi tèt li ap vire ak yon moulen andedan sèvel li. Yon kamyon klaksonnen; li pantan sou twotwa. Lè li reprann bonnanj, mache Kwa-Bosal parèt tou pre. Se kouri achte, retounen vit nan chanmòt Jedeyon an, pou rekòmanse menm kalvè a: monte desann eskalye, kwit manje, bwote dlo, griye kafe, ranmase jouman, kokobe kò li tout jounen nan yon kwen. Byen egzamine, lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout.

Dezafi, pp. 59-69.

**Premye pati**

**A) Konpreyansyon / 6 pwen pou chak bon repons**

(30 pwen)

- 1- Jwenn nan tèks la de (2) lide opoze. Youn ki montre kontantman Rita lè li wè timoun ap jwe nan lari a, yon lòt ki fè li sonje savonay yo pare pou li.
- 2- Rezimen nan yon fraz lide prensipal tèks la?
- 3- Explike ak pwòp mo pa ou fraz sa a: “lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout”.
- 4- Daprè ou, kisa ki fè Rita pa ka rete lontan nan lari?
- 5- Selon tèks la, kisa yo rele: “Trase vèvè sou papyè”.

**Dezyèm pati (40 pwen)**

**B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon**

- 1- Jwenn yon konektè lojik nan tèks la ki make opozisyon epi kontwi yob fraz konplèks ak konektè lojik sa a. (6 pwen)
- 2- Anplwaye mo sa yo nan yon lòt kontèks : (8 pwen)
  - a) Litani
  - b) Pwen
  - ch) Vèvè
  - d) Pantan
- 3- Tradui fraz sa yo franse: (8 pwen)
  - a) Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat.
  - b) Li pa janm konprann anyen; li pa konnen jebede.


- 4- Jwenn nan dyalòg la yon sibòdone sikontansyèl kondisyon epi konstwi pwòp fraz pa ou ak menm kategori sibòdone a. (6 pwen)

- 5- Fè reprezantasyon (pyebwa) grafik fraz sa yo: (12 pwen)

- a) Rita voye je li sou kèk pankat.
- b) Li bata rive nan syèl.
- ch) Aprè, li plonje desann lan fon lanmè.

**CH- Pwodiksyon ekri: (Chwazi youn (1) nan sijè sa yo) (30 pwen)**

- 1- Anpil timoun ap viv nan domestisite nan peyipa nou. Pifò ladan yo pa al lekòl.
  - a) Konstwi yon tèks agimantatif pou defann dwa timoun yo.
  - b) Mete nan tèks la yon sekans djalòg kote yon timoun ap eksplike sa li ap pase kay yon moun.
  - ch) Bay opinion pènsyonèl ou epi fè yon sentèz.
- 2- Enspire ou de “Ti Sentaniz, Moris Siksto” pou ou konstwi yon tèks naratif ak sekans deskriptif. Montre nan tèks sa a gen anpil “Ti Sentaniz” nan peyi a.



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.

2) Ou pa gen dwa pale nan sal

Dire: 3 zè

## Malarya

Malarya se yon maladi grav moun pran lè moustik pike yo. Pou lane 2006 la, OMS (Oganizasyon Mondyal Sante) kontwole gen anviwon 250 milyon moun ki fè malarya. Gen yon milyon nan moun sa yo ki mouri, 90% moun ki mouri yo soti nan Afrik nan zòn anba dezè Sahara. Pi fò viktim yo se te timoun ki te gen mwens pase 5 lane. Malarya egziste anpil kote sou latè. Ann Afrik, nan zòn anba dezè Sahara a, malarya okipe premye plas nan lis maladi ki lakòz moun pèdi lavi yo. Li nan premye plas kòm maladi ki plis frape moun, ki lakòz gen plis timoun piti ki pran reta nan devlopman fizik yo. Nan zòn sa a (anba dezè Sahara), yo kontwole gen yon timoun ki mouri akòz Malarya chak 30 segonn.

Malarya pa jwe ak fanm ansent. Malarya reprezante yon gwo menas pou prèske 50 milyon fanm ansent chak lane. Nan zòn ki toujou gen Malarya, nan ka yon fi ansent e ki soufri Malarya, gen 20% chans pou timoun ki pral fèt la gen pwoblèm nan nesans lan mete sou lòt ka tankou: anemi, timoun ki fèt tou mouri ak manman ki mouri aprè yon akouchman.

Anofèl se non moustik kap transmèt jèm Malarya bay moun youn apre lòt, lè li fin pike yo. Yo rele parazit ki bay Malarya a plasmodiyòm ( plasmodium). Lè anofèl la pike moun, yo vin malad, yo gen gwo lafyèv, dyare, vomisman, tèt fè mal, frison avèk grip. Nan ka timoun, maladi a ka vin grav anpil nan yon tikras tan. Timoun nan ka tonbe nan koma oubyen li ka mouri. Timoun ki poko gen 5 lane fasil fè malaria paske sistèm defans kò yo twò fèb pou reziste ak maladi a.

Anpil vi te ka sove si yo te fè prevansyon oubyen si yo kòmanse tretman an bonè. Se dwa timoun ansanm ak fanmi yo pou yo jwenn bon kalite swen k ap ede yo trete maladi Malarya san pèdi tan epi se dwa yo pou yo pa kite Malarya antre sou yo tou.

Gouvèneman yo nan tètansanm ak komite yo, ONG ansanm ak òganizasyon kominotè kapab travay pou gen mwens moun ki malad nan fè prevansyon tankou : bay fanmi yo moustikè ki gen ensektisid ladan pou yo dòmi anba yo aswè.

Konesans pou n sove lavi, UNICEF, 2017

### PREMYE PATI

#### A) Konprevansyon

1. Pou ki rezon, dapre ekstrè a, nou di malarya se yon maladi danjere?
2. Pou ki kategori moun malarya reprezante yon pi gwo danje ? ki rezon k fè w di sa ?
3. Kòman moun fè trape maladi sa a ? E ki parazit ki bay li ?
4. Ki sentòm moun ki gen malarya yo prezante ? E kisa maladi a ka pwovoke lakay timoun ?
5. Kòman yon popilasyon ka rive konbat malarya ?
6. Ki dives pèsonaj ak enstitisyon kesyon sa a konsène ? E kòman yo ka ajè pou ede popilasyon an lite kont Malarya?

#### Dezyèm Pati

#### B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

1. Endike kisa oksilyè pilye ki souliye piba yo eksprime: (obligasyon, pwobabilite, pèmision, posibilite....);
  - a) Ou mèt manje lè w fin fè devwa a. \_\_\_\_\_
  - b) Tout moun dwe pwoteje tèt yo kont malarya \_\_\_\_\_.
  - c) Nou kapab pwoteje timoun yo si n al lopital avèk yo. \_\_\_\_\_
  - d) Mwen ka pase lakay ou demen maten \_\_\_\_\_
2. konplete tablo sa a pandan w ap endike nan ki kategori gramatikal mo ki nan souliye nan fraz yo ye:

Fraz	Kategori gramatikal
1 Yo etidye tout leson an.	
2 Mwen renmen liv ki gen bèl istwa.	
3 Ayayay! ou fè dezòd twòp.	2.
4 Li te pase lakay mwen men li pa t rete.	

3. Jwenn twa rezo leksikal sa yo nan tèks la (Pou pi piti 4 mo pou chak):

- a) Moun : ch) lasante:
- b) Maladi :

#### 4. Men yon estwòf :

Si manman Vewonik te koutirye bodmè  
Vandredi li ta ka koud yon mouchwa pakoti  
Pou l seche letan san k inonde fas latè  
Mouri nan syèl karèm kòm zetwal lafanmi.

- a) Ki kalite vè ki konpoze estwòf sa a ?
- b) Endike kalite rim yo ak dispozisyon yo.

5. Tradui de (2) dènye fraz nan senkyèm paragraph la an fransè .

6. “Manman pitit la kouri ale pote kòb la bay doktè a ”.

- a) kòman yo rele gwoup vèb ki souliye nan fraz la ?
- b) Ekri de (2) lòt fraz ki gen yon gwoup vèb tankou modèl la.

7. Analize epi fè reprezantasyon grafik fraz konplèks sa a “ Tout moun espere w ap pote laviktwa sou malarya”.

#### Ch- Pwodiksyon ekri : (chwazi youn pami de sijè sa yo )

1. Pwoteje sante pèp la, evite popilasyon an trape vye maladi se youn pami pi gwo priyorite Leta ayisyen fikse.

Ekri yon tèks agimatatif pou kore ide sa a pandan w ap eseye konvenk yon lòt gwoup ki opoze nèt ak rezonman w yo paske yo vini ak ide kontrè pou montre sa w di yo pa kenbe. Mete w nan plas yo pou wè ki agiman solid yo avanse, epi eseye konvenk yo.

Ekri yon tèks ensitatif (li kapab yon bèl piblisite) Pou pouse moun ki konsène yo ajè pou tout popilasyon an ka jwi yon meyè sante san yo pa bezwen konte sou letranje ak pakèt ONG k ap travay nan domèn lasante.



**Konsiy:**

- 1) Li entèdi pou gen sellè nan sal la.
- 2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

**M PRALE CHACHE TRAVAY**

Gaston leve bonè. Lè li fini ranje malèt li, li abiye byen bwòdè, li souke tant Lwizina lan kabann.

- Mwen prale, tant Lwizina.
- Ou prale ki bò?
- Pòtoprens.

Lwizina leve; li rale yon chèz, li chita. Li rekanpe. Li pran dlo lave figi l pou wete rès dòmi lan je li.

- Gaston, kote w prale?
- Pòtoprens.
- Tigason, sa w pèdi lavil?

- Mwen bouke manje mizè bwanèf. Mwen pral chèche travay Pòtoprens. Lè sa bon, m a tounen isit.

De ran dlo kouri lan je Lwizina. Li pale; li mache; li chita; li leve. Gaston derefize tande rezon. Poutan, kè li ap rache. Lè li santi kriye lan wout, li kouri bò tant Lwizina ak fòs, li pran malèt li tou dousman; li kannale lan granchemen. Kou li rive lan koukò bò kay Fabi a, yon machin okazyon tonmblokoto parèt tou limen. Kè Gaston fè vap! Anvan li monte, li vire gade.

Bayawonn, raje, pye bannann, nas pwason, kay pay ak zwazo pran danse lan tèt li. Gòj li vini sere. Kamyon an derape ak yon bri lanfè. Pousyè gaye. Gaston voye je li yon dènyè fwa sou bwanèf. Solèy te fèk fini pouse kòn dèyè yon vye mòn deplimen.

*Dezafi, pp.91-93*

**Premye pati**

**A) Konprevansyon tèks (6 pwen pou chak kesyon)**

- 1- Ki lè Gaston kouri bo tant Lwizina?
- 2- Bay tit tèks la epi bay 2 karakteristik ki jistifye repons la.
- 3- Daprè ou menm, poukisa de ran dlo kouri nan je Lwizina?
- 4- Otè a di: "Yon machine okazyon tonmblokoto". Fè deskripsyon machine sa a nan yon fraz.
- 5- Kisa pèsonaj prensipal la pral chèche Pòtoprens?

**B) Gramè—Vokabilè—Tradiksyon (6 pwen)**

1- Ki tip predika nou genyen nan fraz sa yo?

- a) Mwen prale, tant Lwizina.
- b) Gaston saj anpil anpil.

Ch) Bayawonn, raje, pye bannann, nas pwason...pran danse nan tèt Gaston.

- d) Direktè a nan lekòl la.
- e) Jak Okap.
- f) Li bò lakay mwen.

2- Bay nati sibòdone ki nan fraz sa yo. (8 pwen)

- a) Lè li santi kriye nan wout, li kouri bo tant Lwizina.
- b) Si mwen te gen konpetans, mwen t ap jwenn travay sa a.

Ch) Mwen ta renmen konnen ki moun ki retire kaye kreyòl mwen an.

- d) L ap pale pandan l ap fè travay la.

3- Anplwaye mo sa yo nan yon lòt kontèks. (10 pwen)

- a) Kabann: \_\_\_\_\_
- b) Chita: \_\_\_\_\_
- Ch) Je: \_\_\_\_\_
- d) Kè: \_\_\_\_\_

4- Tradui fraz sa yo an kreyòl: (6 pwen)

- a) Mon garçon, que vas-tu donc chercher à la capitale?
- b) Quand j'aurai réussi à améliorer ma vie, je reviendrai au pays.

**Dezèm pati (40 pwen)**

**Pwodiksyon tèks**

**Chwazi youn nan sijè sa yo:**

1- Nan yon tèks deskriptif ak sekans enfòmatif, reli tèks la kòm sous enspire pou ou dekri zòn bò lakay ou lè lapli fin tonbe. Ensiste nan tèks deskriptif ou a sou aspè anvwonman an.

2- Pandan peryòd kowonaviris la ou te viv yon pakèt eksperyans tankou: lave men, touse nan koud, respekte distans sosyalizasyon... Rakonte nou kijan ou te viv peryòd sa a. Pa bliye mete nan tèks naratif ou a yon sekans enfòmatif sou kesyon kowonaviris.

**Konsiy:**

- 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
- 2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

**“Pwoteksyon Timoun ”**

Se dwa tout timoun pou yo jwenn pwoteksyon. Se dwa yo pou yo rete vivan, pou yo jwenn sekirite, pou yo jwenn plas yo nan sosyete a, pou yo jwenn moun ki pou tande yo, pou yo jwenn tout swen lasante kò yo merite epi pou yo grandi nan yon enwiwònman kote y ap jwenn tout kalite pwoteksyon.

Fanmi yon timoun se premye mwayen defans li genyen nan zafè pwoteksyon an. Se responsablite paran ak lòt moun k ap okipe timoun pou yo fè kay la tounen yon kote timoun yo ap jwenn yon fanmi k ap pwoteje yo epi ki p ap neglije ba yo atansyon. Se responsablite lekòl ak kominote yo pou yo ofri timoun yon enwiwònman ki adapte pou yo, pou lè yo pa lakay yo, yon kote yo toujou santi yo byen epi yo toujou santi yo an sekirite. Kit se nan fanmi yo, kit se nan lekòl yo oubyen kominote yo, timoun yo dwe jwenn tout fòm pwoteksyon yo bezyen pou ede yo viv, grandi, aprann epi devlope kapasite yo jouk nan pi wo nivo yo kapab rive.

Gen plisyè milyon timoun sou latè ki pa rive jwenn tout pwoteksyon yo merite yo. Chak jou, gen anpil timoun k ap viktim vyolans, k ap viktim move tretman, k ap viktim akòz kèk zak neglijan e k ap viktim nan travay pou granmesi. Genyen ladan yo ki wè sosyete a vire do ba yo, oubyen ki wè sosyete a gade yo mal e gen anpil nan timoun sa yo k ap viv tou de (2) sityasyon sa yo. Kalite vyolans sa yo kraze tout chans timoun yo genyen pou yo viv lavi a byen, pou yo grandi, pou yo devlope epi pou yo reyalize rèv yo.

Gouvèman, kominote, otorite lokal, ONG, òganizasyon legliz ak òganizasyon kominotè yo dwe met tèt ansanm pou tout timoun kapab grandi nan yon fanmi. Fòk yo veyatif pou yo wè si lekòl ak kominote yo ap pwoteje tout timoun yo, si enstitisyon sa yo ap travay pou yo sispann maltrete timoun yo. Yo dwe pwoteje tifi ak tigason kont divès fòm vyolans sa yo : move tretman fizik, move tretman ki chita sou sèks, komès moun, travay nan kondisyon ki plen danje, mete sou kèk lòt move pratik, tankou: marye timoun twò bonè.

Tifi tankou tigason merite jwenn ankourajman ak bon jan èd nan fè rekonèt dwa yo epi nan bay patisipasyon pa yo nan tout jefò k ap fèt pou yo jwenn pwoteksyon kont move tretman, vyolans, abi nan travay epi nan tout sityasyon kote moun vire do bay yo nan sosyete a.

Konesans Pou n Sove Lavi, p. 149 4<sup>em</sup> edisyon 2012, UNICEF

**Premye pati****A) Konpreyansyon tèks** ( 6 pwen pou chak kesyon)

- 1- Kiyès ki se premye responsab nan kesyon pwoteksyon timoun? Ki responsablite moun sa yo genyen anè timoun nan?
- 2- Ki devwa divès antite nan sosyete a genyen anè timoun yo?
- 3- Kont kisa tifi kou tigason dwe jwenn bonjan èd ak pwoteksyon?
- 4- Ki dwa tout timoun, san distenksyon genyen nan sosyete y ap viv la?
- 5- Nan ki kategori literè ou klase tèks sa a?

**B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon**

- 1- Men yon fraz konplèks: ( 6 pwen)  
“Mwen wè plizyè timoun ki pa jwenn pwoteksyon.”
- a) Identifye pwopozisyon sibòdone relatif la.
- b) Ekri yon fraz ki gen yon sibòdone sikonstansyèl koz ladan l.
- 2- Endike kèk endis pèsòn ou idantifye nan tèks la. Ki sans sa genyen parapò ak tit tèks la? ( 4 pwen)
- 3- “Gen anpil timoun k ap viktim vyolans, k ap viktim move tretman, k ap viktim akòz neglijan, k ap viktim nan travay fòse san lajan”. (4 pwen)
  - Ki figi estil ki genyen nan fraz sa?
- 4- Tradui fraz pi ba a an fransè: ( 4 pwen)

“ Genyen plisyè timoun ki wè sosyete a vire do ba yo, oubyen ki wè sosyete a gade yo mal e gen anpil pami yo k ap viv tou de (2) sityasyon sa yo an menm tan.”

5- Endike tan ak aspè predika ki souliye nan fraz pi ba yo: ( 4 pwen)

- a) Mwen pral pase lakay ou talè konsa.
- b) Moun bò lakay mwen toujou pwoteje pitit yo.

6- Idantifye de (2) rezo leksikal (moun / mizè). Ki rapò sans rezo leksikal sa yo genyen? ( 4 pwen)

7- Reprèzante fraz senp pi ba a sou fòm pye bwa:

“Tout timoun yo merite tout pwoteksyon nan sosyete a.” ( 4 pwen)

**Dezyèm pati ( 40 pwen)****Ch) Pwodiksyon tèks****Chwazi youn pami de (2) sijè piba yo :**

- 1- Ekri yon tèks agimantatif pou montre divès fay ki genyen nan pwoteksyon dwa timoun yo an Ayiti pandan w ap vin ak bon jan sijasyon ki ka kontribye nan amelyorasyon oswa chanjman pozitif nan respè dwa timoun yo.
- 2- Ekri yon lèt voye bay chèf brigad ki responsab pwoteksyon timoun nan pou sansibilize l sou divès ka vyolasyon dwa timoun ki anregistre nan lokalite w ap viv. Sijere l sou kèk solisyon enpòtan moun nan lokalite a espere Leta pote nan sikonstans lan.



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la. 2) Ou pa gen dwa pale nan sal la. 3) Fè yon bon egzamen.

### Yon lwa enjis

Yon jennfanm, Madmwazèl Polly Baker, te dwe peye amann paske li te fè yon seri timoum San li pa marye. Li ale nan lajistis epi adrese jij yo pledwaye *sa a* :

Sa fè pou yon senkyèm fwa, mesye, parèt devan nou pou menm bagay la; Mwen deja peye yon seri amann de fwa byen wo, de fwa mwen sibi yon pinisyon piblik e ki jenan paske m ap t anmezi pou m peye. Se yon bagay ki kapab konfòm ak lalwa, m pa kont li; men gen ki pa dwat, nou anile yo, genyen ki twò di, moun ki gen pouvwa pou aji sou lwa yo ka evite aplike yo. Mwen oze di lwa ki kondane m nan alafwa enjis pou tèt li epi li twò di anvè mwen. M pa janm fè pèsonn ditò kote m ap viv la, epi mwen evite lenmi m yo, Si mwen ta gen kèk, yon fason pou m pwouve mwen prèske pa fè pyès nèg ni fanm ni timoun tò. Pèmèt mwen bliye si lalwa egziste yon ti moman, alò m pa wè ki krim m fè a ; mwen mete 5 bèl timoun nan monn nan. nan riske lavi mwen, mwen pran swen yo ak pwòp lèt mwen, mwen sipòte amann ki retire nan menm ti mwayen m yo. Eske se yon krim pou ogmante pitit yon wayòm nan yon vas peyi konsa ki tou manke moun?

*Denis Diderot Ekstrè nan «Supplément an Voyage de Bougainville, 1972, (Tradiksyon).*

### **Premye pati (30 pwen)**

#### **( 6pwen pou chak bon repons)**

#### **A) Konpreyansyon Tèks**

1. Ki pwennvi emetè a ap defann nan tèks la?
2. Eske daprè jan emetè a ap pale a, tèks la nan rejis polemik oswa rejis patetik? Jistifye repons la.
3. Idantifye yon agiman ki chita sou koz tèks la.
4. Ekri twa mo oswa ekspresyon ou jwenn nan tèks la ki gen rapò ak vokabilè pejoratif (devabrizan)
5. Ki wòl entèwogasyon retorik dènye fraz tèks la.?

#### **Dezyèm Pati**

#### **B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon ( 40 pwen)**

- 1- Nan de enonse anba yo, antoure lèt enonse ki depann de sitiyasyon enonsyasyon an. **(6 pwen)**
  - a) Nan dènye jou yo te wè a, Josèf te atire atansyon tout moun.
  - b) Jodi a, mwen konnen ou p ap soti isi a san ou pa ban m kòb.
2. Transfòme fraz sa yo selon endikasyon ant parantèz yo. Atansyon ak chanjman yo! **(10 pwen)**
  - a) Li te di jou sa a : « M ap wè ak ou demen maten ». (diskou endirèk)
  - b) Li mande mwen si m konn sa ki te fè li fache konsa. (diskou dirèk)
3. Pwodwi yon fraz selon chak endikasyon yo. **(6 pwen)**
  - a) Yon fraz konplèks ki genyen sibòdone sikonstansyèl konsesyon.
  - b) Yon fraz konplèks ki genyen yon sibòdone sikonstansyèl konparezon.

ch) Yon fraz konplèks ki genyen yon sibòdone relatif.

4. Idantifye de **(2)** vèb modal nan tèks la :

Youn ki eksprime oblikasyon ak yon lòt ki eksprime yon posiblite. **(6 pwen)**

5. Ekri de **(2)** fraz diferan kote n ap itilize vèb seryèl nan chak. **(6 pwen)**

6. Tradui fraz a yo an kreyòl fraz b an Fransè : **(6 pwen)**

a) Le sénateur a giflé son collègue brutalement.

b) M pa t janm fè pèsonn ditò kote m ap viv la.

#### **CH. Pwodiksyon ekri (30 pwen)**

Chwazi youn nan sijè sa yo :

1. Imagine yon resi k ap gen yon tonalite patetik.

2. Ekri yon tèks agimantatif kote ou ap montre edikasyon ak agrikilti se de domèn konplèman. Sa vle di youn konplete lòt nan ede yon peyi devlope.

**MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)**  
**FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL**  
**EGZAMEN FEN ETIDÈ SEGONDÈ**  
**SERI: (SES- SVT-SMP)**  
**SEGONDÈ IV**  
**TÈKS MODÈL**

**Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.**  
**2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.**

**Nofraj**

Mwen ak pitit mwen Lespwa, te komanse panike. Kanntè a te kòmanse koule, tout moun t ap sove lavi yo. Nou te kite Ayiti pou nou ale chèche lavi nan Miyami. Se nan moman sa a, mwen tonbe reflechi sou sityasyon peyi mwen.

Mwen tande yon vwa ki di mwen peyi mwen an se pa san sèlman li genyen. Vye dlo sa a depi digdantan k ap plonje tikal tè nou an nan bafon. Gen lòt bagay nan peyi mwen an. Ti vwa sa a mwen pa te janm tande li depi lè mwen te antre nan yon rèv prèske vitam etènem. Lakay mwen gen sous tou. Se pa sous san, men dlo fre. Sous k ap chare chan pelikan ak zwazo paspatou.

Zwazo ki te konn fè m kontan lè m te piti nan move lavi. E pou granmoun fanm do bosy sa a ki te konn vann kafe, cheve gaye, fanm sa a ki t ap pale sou mizè li te konn pase lè li te timoun. E syèl la, bèl syèl nou te konn wè pandye sou tèt nou lontan an. Peyizan sa yo, malgre move lavi, ki toujou kwè nan lanmou, nan moun kouraj yo...

Eske se san sèlman ki genyen nan peyi figi kraze sa a ? Peyi k ap regle zafè zòt alòske y ap kouri dèyè pwòp pitit li, fè yo al byen lwen.

Mwen menm, kote mwen ye la a se rèv bèl bagay ase mwen fè : lanmou. Pafwa mwen konn panse pa gen lanmou ankò. Li mouri antere. Ki sa ou vle apre yo fin mete ou akote tout kote ou pase, apre ou fin pase tout kalite mizè, kouman ou vle pou mwen pa pesimis ? Lè bagay ou fin viv pa ba ou anvi ankò pou ou goumen, pou ou espere, sèl sa ki rete se dezespwa ak lide vèse san. San lamizè, grangou ak pesimis...

Yon jounalis ki te la, lè l wè Anita fin pèdi tout fòs li, mande li pou li di dènye priyè li. Repòte a di li : “ Ala ou fè tèt ou travay papa !

” -A ! Ou twouve sa ?

- Men wi !

- Tou sa ou wè m sot di ou la a, se vre wi !

Kadav kò Mira lonje tou long sou sab la ap gade nyaj nan syèl la, ak je li byen fon.

Apre paran yo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou yo al antere.

Anita ak Lespwa, sèl moun ki soti vivan nan gwo vwayaj la, pran wout pou yon otèl nan “ Miami Beach.”

. Anita, je l byen lwen, ap gade anlè ansanm ak foul la tankou yon moun kè pa poze.

Lespwa ki pa te konprann anyen nan sa k ap pase a, tonbe poze manman l kesyon.

-Manman, kote y ap mennen nou la a ?

-M pa konnen. Men, mwen menm, m ka mouri demen. Kanta ou menm, ou la pou bay yon lòt lavi.

*L'enfer c'est la Mer, woman, edisyon Choucounne, juillet 1996 Tradiksyon M.R Arisma: adaptasyon: otè yo*

**Premye pati**

**A) Konpreyansyon Tèks (30 pwen) (6 pwen pou chak bon repons)**

1. Ki lide prensipal ki travèse tèks sa a ?
2. Bay tip tèks la epi bay 3 karakteristik ki jistifye tip ou chwazi a.
3. Apa sekans dominan an, ki lòt sekans ou jwenn nan tèks la ?  
Jistifye repons ou a.
4. Rezime tèks la nan 2 ou 3 fraz pandan w ap itilize diskou dirèk pou w rapòte kèk pawòl pèsonaj prensipal tèks la.
5. Konbyen moun ki sòti vivan nan vwayaj sa a ?  
Presize lyen paran moun sa yo epi eksplike ki aksyon yo te poze lè yo te rive.

**B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (30 pwen) (6 pwen pou chak bon repons)**

- 1- Men yon fraz: “Peyi k ap regle zafè zòt alòske y ap kouri dèyè pwòp pitit li.”  
Bay kategori gramatikal mo ki souliye yo epi fè yon fraz ak chak mo sa yo.
- 2- Konstwi yon fraz pou chak kategori predika sa yo:

Predika prepozisyonèl	
Predika advèbyal.	
Predika nominal.	
Predika adjektival.	
Predika vèbal+Predika prepozisyonèl .	

- 3- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a:  
Nou te kite Ayiti pou nou ale chèche lavi nan Miyami.
- 4- Tradui fraz sa a an Fransè:  
Apre paran yo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou yo al antere.
- 5- Bay nati sibòdone ki nan fraz sa a:  
Yon jounalis ki te la, lè l wè Anita fin pèdi tout fòs li, mande li pou li di dènye priyè li.

**CH.Dezyèm pati / Pwodiksyon tèks (40 pwen)**

**Chwazi youn nan sijè sa yo :**

1. Ou gen yon zanmi w ki di : « Vle pa vle m ap pran kanntè paske mizè a twò rèd. Mwen pa kapab ankò.»  
Ekri li yon lèt ki gen bon jan agiman pou w montre li se pa kanntè a ki solisyon ideyal pou jèn yo. Lèt sa a dwe genyen yon sekans eksplikatif pou w ka eksplike li sa ki ka rive lè yon moun pran kanntè.
2. Gran papa w oswa yon grandèt te rakonte w yon istwa sou zafè kanntè ki tris anpil. Rakonte nou istwa sa a pandan w ap ensere ladan l de (2) ou twa (3) sekans selon imajinasyon w.



